

## **A Kuronga kubudirira.**

- ❖ Kana uchida kubudirira muhupenyu huno uye gadzirira zvinotevera, tevera zano iri: usangomira wakangotarisa usina zvauro kuita (Zvirevo 6:9-11; 13:4; 20:4).
- ❖ Nguva dzekutandara nekuzorora dzinodiwa, asi Mwari akatiita kuti tive nekushingaira (Genesis 2:15). Akanga asingadi kuti tiremerwe nebasa, asi kuti tishande tichifara.
- ❖ Vakuru nevakuru vechidiki vanofanira kushanda pane chimwe chinhu (vachibhadharwa kana kuti vasingabhadharwi). Vana nevachiri kuyaruka vanofanira kuvandudza hunyanzvi hwavo hwemuviri nepfungwa kuburikidza nekudzidza.
- ❖ Kunyange vakwegura vanokomborerwa pavanenge vachishingaira, maererano nezvavanogona.

## **B Wanano yakabudirira.**

- ❖ “Rangarira uo Musiki wako pamazuva ouujaya bgako” (Muparidzi 12:1).
- ❖ Musiki wedu anofanira kupindira sei pakusarudza wokuroorana naye?
- ❖ Kutanga, tevedzera iye nokuitira hanya zvikuru mukati kupfuura kunze (1 Samuiri 16:7; Zvirevo 31:30). Uyewo iva nechokwadi chokuti unogona kugoverana upenyu hwako hwose—kusanganisira upenyu hwako hwopamweya—nomumwe wako ( Ekisodho 34:15-16; Deutronomio 7:3-4; 2 VaKorinte 6:14).

## **C Mhuri dzakabudirira.**

- ❖ Mumamiriro ezvinhu akanaka, murume ndiye anotarisirwa zvikuru mumhuri kuti aunze mari. Nenzira iyi mudzimai anogona kudzidzisa vana vavo kuti vave vanhu vanozvimirira pakupedzisira uye vakagadzirira kugamuchira upenyu husingaperi.
- ❖ Mararamiro emazuva ano kana mamwe mamiriro ezvinhu akasiyana-siyana angaita kuti kugoverana mabasa iwayo kana kuti kuchinjana kuve chinhu chinodiwa.
- ❖ Zvichienderana neBhaibheri, mhuri imwe neimwe yechiKristu inofanira kutarisira vana vayo uye...
  - Yovapa nharaunda izere huKristu mumusha.
  - Yovadzidzisa kuva nemufungo wakanaka pamusoro pebasa.
  - Yowona kuti vawana dzidzo yakanaka.

## **D Kushanda zvine budiriro.**

- ❖ Pauro akatirayira kuti tishande mabasa edu nemazvo nguva dzose, “musingabati kana mucivonekwa bedzi” (VaEfe. 6:6). Tinodanwa kuti tishande nekuvimbika uye kuti tifadze Mwari nguva dzose, pachinzvimbo chekufadza vatariri vedu kana vatengi pamberi paMwari (VaKorose 3:23).
- ❖ Vashandirwi vakawanda vachakomborerwa nevashandi vakarurama, saRabhani akakomborerwa nebasa raJakobho rokutendeka (Genesis 30:27).
- ❖ Nyaya yaJosefa mumwe muenzaniso. Akatanga ari muranda wenhanho yakaderera asi akazova maneja weimba yatenzi wake pakupedzisira. Potifari akaonga kuvimbika kwaJosefa uye zvikomborerwa zvaMwari kubudikidza naye (Genesis 39:1-5).

## **E Mazano ekuti ubudirire.**

- ❖ Zano guru remuBhaibheri pamusoro pekubudirira nderokudzivisa zvakaipa uye kuita kuti mutemo waMwari uve mufaro wedu ( Mapi. 1:1-2 ). Mamwe mazano ari muBhaibheri ndeaya:
  - Zvirevo 3:5. Usazendama panjere dzako asi tsvaga zano raMwari.
  - Zvirevo 27:23-24. Nyora pasi mawaniro nemashandisiro auri kuita mari yako.
  - Zvirevo 15:16. Rarama maererano nezvaunazvo, shandisa mari shoma pane yaunowana.
  - Zvirevo 6:6-8. Chengetedza, sungirira imwe yemari yaunowana.
  - Zvirevo 22:7. Dzivisa chikwereti semunhu anodzivisa COVID-19.
  - Zvirevo 13:4. Iva mushandi anoshingaira.
  - Maraki 3:10. Iva wakatendeka nekudzorera chegumi chako nezvipo zvako kuna Mwari.
  - Mateo 25:14-21. Ramba uchifunga nezvehupenyu husingaperi paunenge uchirarama hupenyu huno.